

### **BAB III**

## **MÉTODEU PANALUNGTIKAN**

Métodeu panalungtikan minangka cara pikeun nyangking pangaweruh atawa ngungkulan pasualan anu disanghareupan téh disebut ogé métode ilmiah atawa *scientific method* (Ali, 2013, kc. 24). Luyu jeung pamadegan Suryana (2010, kc. 16), anu ngébréhkeun yén métode panalungtikan atawa métode ilmiah mangrupa prosedur atawa léngkah-léngkah dina nyangking pangaweruh ilmiah atawa élmu pangaweruh. Jadi, métode panalungtikan nyaéta cara sistematis pikeun nyusun élmu pangaweruh.

Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif, lantaran tujuanana pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis fénoména, kajadian, kagiatan sosial, sikep, kapercayaan, persépsi, pamikiran jalma sacara individual atawa kelompok (Sukmadinata, 2020, kc. 60). Sugiyono (2019, kc. 7), nétélakeun yén pamarekan kualitatif anu napak kana filsafat *postpositivisme*, digunakeun pikeun nalungtik kondisi objék nu sipatna alamiah, di mana panalungtik téh salaku instrumén konci, téhnik ngumpulkeun data sacara triangulasi (gabungan), analisis data sipatna induktif atawa kualitatif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih nyindekel kana ma'na tibatan *generalisasi*.

Panalungtikan kualitatif mangrupa stratégi *inquiri* anu nyindekel kana maluruh harti, pamahaman, konsép, karakteristik, gejala, simbol, jeung déskripsi ngeunaan hiji fénoména, museur jeung multimétode, sipatna alamiah jeung *holistik*, ngutamakeun kualitas, ngagunakeun sababaraha cara, sarta dipidangkeun sacara naratif (Sidiq & Choiri, 2019, kc. 4). Ghony & Almansur (dina Sidiq & Choiri, 2019), ngébréhkeun yén sacara basajan tujuan panalungtikan kualitatif nyaéta pikeun meunangkeun jawaban tina hiji fénoména atawa patalékan ngaliwatan prosedur ilmiah sacara sistematis kalawan ngagunakeun pamarekan kualitatif.


Luyu jeung pamarekan panalungtikan anu dipaké, métodeu nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métodeu déskriptif. Ari métodeu déskriptif téh nyaéta métodeu panalungtikan anu digunakeun pikeun maluruh kaayaan, kondisi, atawa hal-hal séjén, sarta hasilna dipedar dina wangun laporan panalungtikan (Arikunto, 2014, kc. 3). Suryana (2010, kc. 16), nétélakeun yén métodeu

déskriptif mangrupa métodeu anu digunakeun pikeun maluruh unsur-unsur, ciri-ciri, jeung sipat-sipat tina hiji fénoména. Ieu métodeu téh dimimitian ku ngumpulkeun data, nganalisis data, jeung napsirkeun data. Métodeu déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun data ngeunaan wanda pakeman basa nu kagolong kana kekecapan, babasan, jeung paribasa katut hartina dina kumpulan carpon *Mirah Dalima* karya Kis. Ws., anu satuluyna dijadikeun bahan pangajaran di SMP.

### **3.1 Désain Panalungtikan**

Dumasar kana pamarekan jeung métodeu panalungtikan nu digunakeun, disusun désain panalungtikan. Ari désain panalungtikan téh mangrupa rarancang nu patali jeung cara ngalakukeun panalungtikan, désain panalungtikan ogé raket patalina jeung prosés panalungtikan (Abdussamad, 2021, kc. 100). Nazir (dina Abdussamad, 2021, kc. 100), nétélakeun yén désain panalungtikan nyaéta sakabéh prosés anu diperlukeun dina ngararancang jeung ngalaksanakeun panalungtikan.

Désain panalungtikan téh penting pisan sangkan panalungtikan anu dilakukeun bisa lumangsung kalawan bener jeung sistematis. Sangkan leuwih jéntré, désain dina ieu panalungtikan dipidangkeun dina bagan 3.1.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

## 3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

### 3.2.1 Data

Data nyaéta wawaran atawa katerangan anu bener tur nyata, anu bisa dijadikeun dasar pikeun ulikan (ngolah, ngadadarkeun, jeung nyindekkeun) (Sudaryat, 2014, kc. 56). Data dina ieu panalungtikan nyaéta ungkara nu ngandung pakeman basa dina kumpulan carpon *Mirah Dalima* karya Kis. Ws. Data pakeman basa nu dikumpulkeun nyaéta kekecapan, babasan, jeung paribasa.

### 3.2.2 Sumber Data

Sumber data nyaéta objék anu digunakeun pikeun nyangking data (Arikunto, 2014, kc. 172). Abdussamad (2021, kc. 130), ngébréhkeun yén sumber data panalungtikan bisa mangrupa jalma, barang, dokumén, atawa prosés dina hiji kagiatan, jeung sajabana. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan carpon *Mirah Dalima* karya Kis. Ws.

#### 3.2.2.1 Idéntitas Buku

	<p>Judul : Mirah Dalima  Pangarang : Kiswa Wiriasasmita (Kis. Ws.)  Pamedal : Girimukti Pasaka  Taun medal : 2024  Tempat medal : Jakarta  Kandel buku : 455 kaca  Ukuran buku : 14,5 x 21 cm  Jenis kertas : HVS</p>
---	---

Gambar 3.1 Sumber Data

Rosidi (dina Wiriasasmita, 2024, kc. 12-13), ngébréhkeun yén ieu kumpulan carpon téh eusina ngagambarkeun moralitas jaman dina carita-carita pondokna. Basa nu digunakeunana kalawan merenah diluyukeun jeung kasang tukang jaman katut kamasarakatan nu dicaritakeunana. Salian ti éta, Kis. Ws. geus ngamangpaatkeun kabeungharan basa Sunda kalawan parigel. Ku sabab kitu, tangtu réa pakeman basa anu bisa kapaluruh dina ieu buku téh.

Carpon-carpon nu aya dina ieu kumpulan carpon *Mirah Dalima* téh aya 45 judul. Ringkesan carita dina unggal carponna ébréh dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.1  
Ringkesan Carita

No.	Judul Carpon	Kaca	Ringkesan Carita
1.	<i>Jagat Geus Tibalik</i>	17-25	Hiji jalma anu kakara waras kaluar ti rumah sakit jiwa hayang balik deui jeung dirawat di dinya. Manéhna nu biasa nyarita satarabasna, geus ngabengkahkeun rumah tangga lanceukna, tur dikaluarkeun tina pagawéanana.
2.	<i>Ronggég Monyét</i>	26-33	Pacabakan Udin téh jadi dalang dina ronggég monyét. Geus lila manéhna hayang ganti pacabakan, tapi teu pareng waé da loba pangabutuh. Ahirna sanggeus yakin, manéhna balik jeung teu ngadalangan monyét deui.
3.	<i>Dipépendé Nyonya Sengké</i>	34-40	Digambarkeun naék turunna roda kahirupan anu teu weléh muter. Mimitina “kuring” nagih hutang ka Nyonya Sengké tapi teu hasil waé. Sanggeus hutang si Nyonya punah, “kuring” ngalaman nasib nu sarua siga si Nyonya.
4.	<i>Gambar Abstrak</i>	41-50	Dicaritakeun pangalaman meuli lukisan ti seniman mashur, tapi nu meulina sorangan teu ngartieun gambar naon jeung naon éndahna, tapi pamanggih nu nénjona rupa-rupa pisan.
5.	<i>Mahluk nu Lalumpuh</i>	51-58	Dicaritakeun perjuangan kolot ngurus anakna nu boga panyakit sarap. Sanajan teu boga duit keur mayar waragad rumah sakit nu sakitu gedéna. Kolotna teu pegat harepan pikeun terus barangsar.
6.	<i>Nu Daragang Awak</i>	59-67	Dicaritakeun jalma-jalma nu néangan kipayah nu pasalia jeung ageman moralitas. Para wanoja nu kapaksa jadi ungluk sangkan bisa nyiar dahareun sahuap-sakopeun. Mahasiswa pantar Dadang ogé kapaksa nikah jeung awéwé nu sapuluh taun saluhureunana, pikeun nyumponan pangabutuh hirup kulawargana jeung ngaréngsékeun kuliahna.
7.	<i>Pegat Raratan</i>	68-75	Ieu carpon nyaritakeun lalaki jeung awéwé anu bihari kungsi wawuh, tapi kiwari nalika patepung deui maranéhanana teu inget iraha jeung di mana kungsi wawuh téh. Ahirna, tapak lacak nu leungit téh geus kapanggih ku lalakina, tapi awéwéna geus tilar dunya.
8.	<i>Tawanan Karaton</i>	76-84	Dicaritakeun Pramésuari nu jadi tawanan di karaton. Harita keur gering, tapi dititah midang tur nyandingkeun Raja nu jadi gegedug balad

No.	Judul Carpon	Kaca	Ringkesan Carita
			karaman. Praméswari kapaksa nurut kana éta paréntah, sabab lamun ngabantah, emban nu ngadangdanan bakal dihukum pati. Sanggeus didangdanan, Prameswari tilar dunya.
9.	<i>Ngagempur Bénténg Jepang</i>	85-93	Kuwu ngeprik rahayat gotong royong ngagempur bénténg titinggal Jepang keur kapentingan manéhna pribadi. Kuwu hayang ngagarap tanahna nu katutup ku éta bénténg. Tapi sanajan geus digempur ku cara kumaha waé ogé bénténg téh teu rugrug.
10.	<i>Dina Beus Malem</i>	94-101	Dina beus, hiji lalaki sajok jeung salaki pamajikan nu méh pipisahan. Salakina kagoda ku mojang séjén, rék nyéréнкеun pamajikanna, tapi teu jadi sabab timburu ningali pamajikanna ngagoda éta lalaki. Antukna nalika tepung deui, éta lalaki diaku baraya ku salaki pamajikan nu kungsi sabeus téa.
11.	<i>Upacara</i>	102-110	Dina carpon “Upacara” dicaritakeun tipoporoséna Bapa Jaya, jagal domba nu hayang minantuan ka nu boga gelar. Tapi sagala kaperluan hajat téh ditangkesna ku Bapa Jaya, kaasup babawaan dina upacara seserahan.
12.	<i>Sémah</i>	111-118	Enggah ngahaja nyémah sakadar hayang aya batur ngobrol. Pibumi ukur bisa ngabandungan rupa-rupa carita sémah, tapi teu dibéré kasempetan ngedalkeun kapanasaranna. Pribumi reuwas jeung panasaran saha nu harita nyémah, sabab meunang beja yén sémah téh tilu poé katukang geus tilar dunya.
13.	<i>Karéta Pamungkas</i>	119-126	Masyarakat nu geus ngarandapan bencana alam dikeprik ku Kuwu pikeun ngahadéan stasiun karéta api nu geus teu dipaké, sabab bakal katangan rombongan pangagung nu rék méré sumbangan. Duit nu rék disumbangkeun téh ngan satengah juta, ari waragad nu geus dikaluarkeun salian ti tanaga masyarakat téh geus leuwih ti sajuta.
14.	<i>Mahluk Angkasa</i>	127-134	Sri, mahasiswa nu ngalandi kabogohna mahluk angkasa sabab kabogohna idéal. Béda jeung Sri nu hirupna praktis, sabab pikeun kaperluan nyumponan waragad kuliahna, manéhna ngayakeun “kontrak genep bulan” jeung Babah kolot, diréktur pabrik tékstil.
15.	<i>Ikral</i>	135-145	Hiji jalma dipénta tulung ku barayana pikeun marengan anakna nu rék dinikahkeun di Klatén. Manéhna nampa duit dina amplop, tapi teu diikralan pas barayana masrahkeun duitna

No.	Judul Carpon	Kaca	Ringkesan Carita
			téh. Ari duitna geus loba dipaké kaperluan manéhna jeung barayana salila di jalan. Ahirna duit téh teu cukup nalika dibutuhkeun deui.
16.	<i>Kembang Kertas</i>	146-159	Sri mahasiswa hukum nu sawaktu-waktu kapaksa sok lugay peuting sorangan nalika kasedek pisan ku pangabutuh jeung kapentés ku waragad kuliah. Tapi sanajan kitu manéhna tetep pageuh nyekel kana ajén-inajén moralitas anu nyumber kana kajujuran. Ayeuna sabada kuliahna réngsé manéhna jadi hakim.
17.	<i>Kuwung-kuwung</i>	160-169	Ieu carpon nyaritakeun Kuwu nu ngabobodo masarakat sangkan ngajual tanahna ka pabrik nu disebutkeun bakal ngangkat jalma-jalma nu ngajual tanahna jadi pagawé pabrik. Kuwu téh hayang meunang komisi anu satuluyna mah kalah dipaké nyandung ka nu ngora.
18.	<i>Insan nu Kapopohokeun</i>	170-181	Geus aya taunna Asép gering poho kana sagala kajadian nu geus kaliwat. Harita, Aki Dipa nu dipénta tulung méré peupeujeuh yén kudu lobakeun ibadah jeung mantengkeun paneda ka Gusti. Sabada ditepungkeun jeung indungna nu kapopohokeun jeung ménta panghampurana, ahirna Asép bisa cageur deui.
19.	<i>Lina Ana Owé</i>	182-193	Satadina Bah Kim Lun meuli imah Garna jeung Wati téh rék dijieun toko emas. Tapi sanggeus kanyahoan yén Wati téh anakna, Bah Kim Lun hayang dipibapa ku Wati nepi ka rék masrahkeun imah jeung tokona. Wati teu daékeun ngaku da teu yakin yén Bah Kim Lun téh bapana. Antukna Wati jeung Garna ninggalkeun imahna nepi ka taya béja caritana.
20.	<i>Kelét Nyi Kuncén</i>	194-204	Ki Suta ngajugjug astana karamat di leuweung. Manehna rék nyekar bari boga niat meredih. Dina waktuna jarah, pameredihna diunjukkeun ku kuncen awéwé, sihoréng éta kuncén téh dedemit. Sanggeus kajadian éta Ki Suta remen ngahuleng bari nyambat Nyi Kuncén.
21.	<i>Tumpak Karéta Lilin</i>	205-212	Dicaritakeun pangalaman naék karéta api butut ti Jakarta nepi ka Ciamis. Nalika peuting lampu-lampu parareum, antukna geus biasa panumpang téh nyareungeut lilin, matak pantes mun aya nu nyebut karéta lilin.
22.	<i>Jagat Hideung</i>	213-222	Budak awéwé kapaksa jadi awéwé lacur, sabab hayang ngiriman duit ka indungna nu geus kolot jeung lanceukna nu geringan. Lanceukna, nitah adina sangkan eureun nyiar rejeki ku cara kitu, sabab indungna boga adi lalaki nu

No.	Judul Carpon	Kaca	Ringkesan Carita
			beunghar tapi teu nulungan. Ari sihoréng emangna téh salasihiji langganan adina.
23.	<i>Nu Ngaranjang Tengah Peuting</i>	223-233	Tengah peuting Darman nganjang ka imah Bardi, sobat lawasna. Satadina rék masrahkeun anakna nu hayang dipangrawatankeun jeung dijucungkeun sakolana da watir ngahuleng waé duméh pugag sakolana. Pamajikan Bardi teu ngidinan bari ngabohong nepi ka geringna, bisa cageur deui sanggeus ngaku rumasa dosa.
24.	<i>Ngajul Béntang</i>	234-245	Euis dijodokeun ku indungna ka pamuda nu boga sarat kasarjaanaan jeung kabeungharan. Sihoréng éta pamuda téh lalaki nu teu bener, nu kungsi ngaheureuyan Euis jeung maling lokét kapilanceukna. Nalika tepung deui jeung kapilanceuk Euis saméméh prungna lamaran, éta pamuda bingung nepi ka teu jadi ngalamar.
25.	<i>Piring Dinasti Ming</i>	246-255	Sumini nagih duit hasil jual barangna ka Enggah, tapi kalah digantian ku piring dinasti Ming nu cenah bisa payu satengah juta padahal henteu. Ari Susanto nu rék ngajual piring dinasti Ming tapi ku Enggah kalah dicacampah barangna jeung dipipisek hargaana. Sihoréng éta piring antik téh lain barang kuna asli wedalan nagri Cina tapi piring buatan ayeuna.
26.	<i>Jalan Anyar</i>	256-265	Dicaritakeun Kuwu nu mentingkeun dirina pribadi nepi ka teu ngalarapkeun putusan nu baheula geus disapukan ku saréréa. Jalan heubeul ulah dibongkar jeung ngaresmikeun jalan anyar kudu diparépéhan. Tapi ahirna Kuwu robah pikiran deui, ngidinan jalan anyar diresmikeun bari henteu maké parépéhna sarta jalan heubeul gé bisa buru-buru dibongkar.
27.	<i>Cahaya Bulan Sagebrayan</i>	266-276	Harita sanggeus dipariksa ku dokter Gunarti, Sugiri geringna geus rada mendingan. Sihoréng dokter téh anakna. Gunarti ngan seja ngubaran, can bisa ngaku bapa lantaran kanyenyarian ku katelengesan bapana nu kungsi ninggalkeun manéhna jeung indungna. Sugiri nu geus téréh cageur téh gering deui nepi ka tilar dunya.
28.	<i>Sang Sutradara</i>	277-286	Dina kahirupan rumah tangga Édah jeung Darto, upama diibaratkeun Darto téh sutradara nu ngatur adeganana, sedengkeun Édah nu ngalakonana. Sabalikna, dina kahirupan rumah tangga Dulah jeung pamajikanana. Dulah teu bisa milampah pagawéan sagawayah di imahna sabab pamajikan nu ngatur lalakonna.



No.	Judul Carpon	Kaca	Ringkesan Carita
29.	<i>Nu Nyumput Tukangeun Robot</i>	287-296	Tisna téh rek diarah pati. Ari ulon-ulonna téh Emangna nu mikarep alona maot sangkan bisa meunangkeun warisan ti lanceukna. Emangna nu keur gering babalik pikir, tuluy nyaritakeun nu sabenerna jeung meredih sangkan Tisna rido ngahampura ka anak minantuna nu dijadikeun robot pikeun ngarah pati. Antukna Emangna nu ngaku téh cageur sapada harita.
30.	<i>Di Langit Taya Béntang</i>	297-305	Budak lalaki ti Ambarawa dijurungkeun ku Uana néangan Bapana nu ninggalkeun manéhna sarta kawin deui ka randa beunghar. Di Solo budak lalaki téh nyiruruk bari babantu di nu ngawarung gudeg. Manéhna bisa tepung jeung Bapana. Tapi Bapana teu ngaku boga anak di Ambarawa, antukna éta budak lalaki téh balik deui ka Uana.
31.	<i>Pamatang jeung Kembang</i>	306-314	Harita Kangjeng Dalem rawuh ka Alas Nyantong. Ki Séta dipercaya ku Kuwu jadi pamanggul pamatang di pamoroan. Dina prungna moro, Ki Séta beubeunangan mencek. Lian ti éta, Wulandari, incu Ki Séta téh kembang désa nu harita dititah nanggeuy bokor wadah leleteun Kangjeng Dalem. Manéhna rék meunang jodo ka Camat.
32.	<i>Sora Jero Panjara</i>	315-325	Ki Bara nyiar harta ka nagara jin pikeun nganapkahan kulawargana. Manéhna dijenengkeun jadi Mantri Jero sarta rék dinikahkeun ka Putri Raja. Di nagara jin téh kabéhanana taranpa daksa, éta sababna Ki Bara teu meunang nyarita saujratna sabab bisa dihukum pati. Ki Bara mulang ka dunya kamanusaan sabab teu daék ngorbankeun sora haténa sakadar keur mélaan harta.
33.	<i>Kucubung Wungu</i>	326-336	Hiji jalma kapaksa ngajual batu ali kucubung wungu, paméré ti Bapana. Manéhna hariwang ali teu kapimilik deui sabab Bapana ngomat-ngomatan sangkan ali ulah dileupaskeun mun teu pohara kepentésna mah. Tapi ahirna ali téh bisa kapimilik deui, dipulangkeun ku pamajikan ti dununganana sabab maké ali kucubung téh salakina kalah midua pikir.
34.	<i>Létah</i>	337-346	Dicaritakeun jalma nu alus ucap tapi teu luyu jeung tékad tur lampahna. Ku sabab kitu, manéhna sering diganggu ku dedemit.
35.	<i>Wesi Kuning</i>	347-356	Dicaritakeun pangalaman Ki Janta mangsa jadi palika nu nulungan bujang Juragan Asistén nu tilem di curug Séwu. Wesi kuning nu dipiboga

No.	Judul Carpon	Kaca	Ringkesan Carita
			ku Ki Janta dikurihit ku Juragan Asistén, tapi matak nyieun cilaka. Saenyana wesi kuning téh lain barang pusaka tapi sesemplékan bokor.
36.	<i>Ménak Anyar</i>	357-366	Euis pipisahan jeung salakina sabab ngarasa salakina ménak buhun nu teu nuturkeun pajamanan. Manehna ngarepkeun ménak anyar nu tangginas roronjat kana pirejekieun. Euis geus deukeut jeung ménak nu dipikahayangna tapi dinyenyeri. Ahirna Euis ukur bisa narimakeun nasibna nikah ka Babah aki-aki.
37.	<i>Ilapat</i>	367-375	Pa Séna meunang ilapat yén manéhna bakal mulang ka asal dina tanggal opat likur sapar. Tapi dina poé éta, manéhna masih hirup malah adatna jadi robah pisan, nu asalna barangasan jadi lemah lembut. Mungkin waé ilapat téh teu méngpar teuing maksudna, sabab pas ngorana Pa Séna téh adatna mémang lemah lembut.
38.	<i>Srangéngé Mungkin Néréptép</i>	376-384	Hiji jalma barangsiar nyiar piduiteun keur mayar waragad sakola budakna. Harita aya nu nawaran piduiteun, ku manehna dijugjug, nepi ka dibelaan nikreuh dina morérétna srangéngé tapi ku manehna ditolak sabab piduiteun téh bakal ngarugikeun batur nu sanasib jeung manéhna. Ahirna manéhna kapaksa ngajual ali paméré indungna.
39.	<i>Nugar nu Talegar</i>	385-393	Kahayang Parti téh bisa nikah jeung Bardi bari tetep kumawula di Kabupatén, sarta taya deui nu ngaganggu. Ari rék nikah tuluy pindah teu diidinan ku Kangjeng Dalem. Ditarékahan ku indung Parti nu ngadeuheus ka Kangjeng Dalem, ahirna pamaksudan Parti bisa laksana.
40.	<i>Pedang Geus Dilugas</i>	394-402	Setyawati nyegah Sénapati ngahukum pati Ki Garna tapi teu digugu waé, sabab cenah mun can lamokot getih pantrang ngasupkeun deui pedang nu geus dilugas. Sanggeus diparéntah jeung ditarimakeun ku Raja ahirna pedang téh diasupkeun deui kana sarangkana. Ari pas bérés perang, pedang nu dilugas ku Sénapati téh beresih pisan, taya tapak getih musuh.
41.	<i>Mirah Dalima</i>	403-412	Yuni geus ka mamana néangan mirah dalima tapi teu meunang waé. Mirah dalima boga salakina leungit di imahna. Aya sangkaan dicokot ku popotongan Yuni nu kawas rék ngabengkahkeun laki-rabina. Ahirna Yuni bisa meunangkeun mirah dalima ti jalma nu saméméhna kungsi méré mirah dalima ka salakina.

No.	Judul Carpon	Kaca	Ringkesan Carita
42.	<i>Panggih ka Buritnakeun</i>	413-244	Dicaritakeun jalma nu kungsi nikah ka mojang dina kaayaan geus kolot jeung geus rimbitan. Harita anakna keur papacangan jeung jalma nu geus aya umur jaba geus kurenan. Tangtu manéhna teu panuju, tapi ahirna karasa yén kapeurihna téh boa moal sajéréun kanyeri mitohana baheula. Manéhna pasrah dibarung ku rasa tumarima ka Nu Maha Kawasa.
43.	<i>Ngararata Dunya</i>	423-432	Yatno makelar hotél purah nyiar tamu nu butuh pameutingan, harita manéhna nipu. Yatno nepungkeun “kuring” nu rék nawarkeun kihuru pibahaneun obat nyamuk jeung Anwar Yusup nu rék meulianana sabab boga karep muka pabrik obat nyamuk. Yatno meunang komisi ti ditu ti dieu da ngurihit waé ménta ditimpahan.
44.	<i>Sabada Perang Yogya</i>	433-442	Dicaritakeun pangalaman sasab ka ondangan di Yogya, niatna rék nungkulan adi nu dirapalan, tapi kalah datang ka dahuan nu keur hajaj panganténan bari samuni.
45.	<i>Gedong Kosong</i>	443-454	Baheula nu boga gedong maot ngagantung manéh di dinya. Aya jalma nu ludeung jeung teu ngarasa keueung cicing di imah nu deukeut ka gedong kosong. Sanggeus aya sababaraha kajadian pikasieuneun, manéhna jadi borangan.

### 3.2.2.2 Biografi Singget Pangarang

Kiswa Wiriasasmita (Kis. Ws.) lahir di Ciamis, tanggal 25 Januari 1922. Ti umur 16 taun geus mimiti nulis jeung babantu di *Mingguan Galoeh* pingpinan A. Karna Winata (1939-1942). Anjeunna kungsi digawé di pamaréntah di wewengkon Cirebon taun 1941, bari tetep mayeng nulis keur *Galoeh*. Satuluyna Kis. Ws. ngancik di Ciamis deui bari digawé di Kantor Jawatan Pertanian Ciamis ti taun 1948 nepi ka taun 1965. Salian ti pagawéanana nu maneuh, harita Kis. Ws. babantu di koran *Sipatahoenan*, *Pikiran Rakyat*, jeung *Sawawa*.

Kis. Ws. nulis sajak nu munggaran di rumah sakit Cideres, Jatiwangi dina bulan Juli 1946, anu dijudulan “Ilangna Mustika”. Ti harita anjeunna mayeng nulis sajak, tuluy dina taun 70-an mimiti nulis carpon anu lolobana dimuat dina *Majalah Sunda* jeung *Manglé*. Carpon-carpon karangan Kis. Ws. téh dipilih tur di hijikeun jadi buku kumpulan carpon anu dijudulan *Mirah Dalima* (judul salasahiji carponna). Dina taun 1993, Kis. Ws. meunang pangajén *Hadiah Sastra Rancage* tina jasa nu geus mekarkeun sastra Sunda.

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu utama dina panalungtikan, sabab tujuan utama tina panalungtikan nyaéta nyangking data (Sugiyono, 2019, kc. 224). Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik ulikan pustaka (studi bibliografis). Nazir (2013, kc. 93), nétélakeun yén ulikan pustaka mangrupa téhnik ngumpulkeun data ku cara nalaah buku, literatur, catetan, jeung laporan anu aya patalina jeung masalah nu ditalungtik. Téhnik ulikan pustaka dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngumpulkeun data pakeman basa dina kumpulan carpon *Mirah Dalima* karya Kis. Ws. Anapon léngkah-léngkah ngumpulkeun datana nyaéta:

- 1) maca buku kumpulan carpon *Mirah Dalima* nu jadi sumber datana;
- 2) nyirian data pakeman basa dina buku kumpulan carpon *Mirah Dalima*; jeung
- 3) nyalin kalimah nu ngandung pakeman basa kana kartu data tur dikodeuan.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan dina prakna data panalungtikan leuwih gampang diolah, hasilna jadi leuwih hadé, lengkep, jeung sistematis (Arikunto, 2014, kc. 203). Sugiyono (2019, kc. 222), nétélakeun yén dina panalungtikan kualitatif, anu jadi instrumén atawa alat panalungtikan nyaéta panalungtik éta sorangan. Ku kituna, panalungtik salaku instrumén kudu divalidasi sa jauh mana panalungtik siap ngalaksanakeun panalungtikan. Éta validasi téh ngawengku validasi kana pamahaman pamarekan kualitatif, ngawasa kana pangaweruh ngeunaan widang anu ditalungtik, sarta kasiapan panalungtik pikeun neuleuman objék panalungtikan.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data digital. Data pakeman basa anu kagolong kana kekecapan, babasan, jeung paribasa anu kapanggih dina kumpulan carpon *Mirah Dalima* disalin kana kartu data digital. Kartu data digital dina ieu panalungtikan bisa dititénan dina tabél 3.2.

Tabél 3.2  
Kartu Data Pakeman Basa

No. Data	Data Pakeman Basa	Makéna Pakeman Basa dina Kalimah	Kode Data
(001)			(kode data)

Katerangan:

Nomer Data : (001), (002), (003), jst.

Kode Data : (MD/JH/215/3/5)

MD : *Mirah Dalima* (Judul Buku)

JH : *Jagat Hideung* (Judul Carpon)

215 : Kaca

3 : Alinéa

5 : Kalimah

Sanggeus ngasupkeun sakabéh data pakeman basa kana kartu data digital di luhur, tuluy data diwilah-wilah dumasar kana wanda pakeman basa nu mangrupa kekecapan, babasan, jeung paribasa katut hartina. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap kartu data digital anu digunakeun pikeun milah data.

Tabél 3.3  
Kartu Data Wanda Pakeman Basa

No.	No. Data	Data Pakeman Basa	Makéna Pakeman Basa dina Kalimah	Wanda Pakeman Basa		
				KKC	BBS	PRB
1.	(001)	Adat istiadat	Di tempat pamubusan mah horéng <i>adat-istiadat</i> karaton gé ngalonggaran. (MD/PGD400/1/4)	✓		

Katerangan:

KKC : Kekecapan

BBS : Babasan

PRB : Paribasa

Tabél 3.4  
Kartu Data Harti Pakeman Basa

No.	No. Data	Pakeman Basa	Harti	
			Léksikal	Idiomatis
1.	(001)			

### 3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta analisis unsur langsung. Nurutkeun Hockett (dina Sudaryat, 2014, kc. 58), analisis unsur langsung (*immediate constituent analysis*) nyaéta analisis anu niténan unsur-unsur basa anu langsung ngawangun unsur saluhureunana. Unsur nu dianalisis nyaéta wanda pakeman basa nu mangrupa kekecapan, babasan jeung paribasa katut harti léksikal jeung idiomatisna anu kapaluruh dina kumpulan carpon *Mirah Dalima*. Ari léngkah-léngkah dina ngolah datana, nyaéta:

- 1) niténan deui pakeman basa anu geus dikumpulkeun;
- 2) ngaruntuykeun data pakeman basa sacara alfabétis tur dibéré nomer kodeu;
- 3) nyieun papasingan pakeman basa dumasar wanda jeung hartina;
- 4) nganalisis pakeman basa dumasar kana wanda jeung hartina;
- 5) ngadéskripsikeun wanda jeung harti pakeman basa nu kapaluruh;
- 6) nyusun bahan ajar pakeman basa anu kapaluruh dina kumpulan carpon *Mirah Dalima* pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMP; sarta
- 7) nyieun tafsiran jeung kacindekan tina hasil ngolah data.